УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм
жэпуэгъуэм (октябрым)
и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№16
(13976)

2025 гъэ, гъатхэпэм (мартым) и 6, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Хъуэхъухэр

Гъатхэпэм и 5-р — Къэрэшей-Черкесым и Конституцэм и Махуэщ

## ПщIэ зыхуэтщI ди хэкуэгъухэ!

**Дывохъуэхъу Къэрэшей-Черкесым и Конституцэм и Махуэм и щIыхькIэ!**

Лъэпкъ куэду зэхэт ди республикэм щыпсэухэмкIэ мы махуэщIым мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ, Конституцэр — Хабзэ Нэхъыщхьэ закъуэкъым, атIэ, ар ди къэралыгъуэм и лъабжьэщ, цIыхухэм я хуитыныгъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ зэрыубыдыныгъэмрэ я нагъыщэщ.

Конституцэр къызэращтар Къэрэшей-Черкесым и тхыдэм мыхьэнэшхуэ зиIэ и Iыхьэ хъуащ. Абы Урысей Федерацэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхауэ хэгъуэгум зэрызиужьыну гъуэгур игъэбелджылащ, демократием и лъабжьэр, дэтхэнэ цIыхури абыхэм я хуитыныгъэхэри зэхуэгъэдэныр игъэбыдащ.

Хэгъуэгум и дэфтэр нэхъыщхьэр тегъэщIапIэ тщIыкIэрэ, республикэр идогъэфIакIуэ, абы къыдэкIуэуи, Къэрэшей-Черкесым и лъэпкъхэм я тхыдэ, щэнхабзэ щIэинхэм я къулеягъыр нэхъри хэгъэхъуэныр зыщыдгъэгъупщэкъым.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ мы махуэм хэгъуэгум щыпсэу, и гуащIэдэкIымрэ бгъэдэлъ зэчиймрэкIэ республикэм и зыужьыныгъэм телажьэ дэтхэнэми фIыщIэ худощI.

Къэрэшей-Черкесым и Конституцэр ди лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ щыпкъэу дяпэкIи кърензэ, абы и щытыкIэ нэхъыщхьэхэр лъагапIэщIэхэр зыIэрыдгъыхьэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу къытхурехъу.

ПщIэ зыхуэтщI ди хэкуэгъухэ! Дывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиIэну, илъэс куэд гъащIэ къэвгъэщIэну, гуапагъэ, насып, зэIузэпэщыныгъэ фыщымыщIэну! Унагъуэ къэс зэгурыIуэныгъэрэ гуфIэгъуэрэ илъыну, ди республикэр адэкIи ефIэкIуэну, зиужьыну!

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ**

**ИВАНОВ Александр,**
**КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**АРГУН Мурат,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ**

НэщI мазэм

## Муслъымэнхэм

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид Къэрэшей-Черкесым и муслъымэнхэм къахъуэхъуащ Рэмэдан нэщI мазэ щихъыр къызэрихьэмкIэ.

— Къэрэшей-Черкесым щIыхь зыхуэсщI и муслъымэнхэ, си гум, си псэм къабгъэдэкI хъуэхъу псалъэхэр фхузогъэфащэ Рэмэдан нэщI мазэ щихъыр — псэ къабзагъэм, фIэщхъуныгъэ быдэм, IуэхуфIхэм я зэманыр къызэрихьэм и саулыкъукIэ.

А мазэм дигухэм щегъэбыдэ фIымрэ захуагъэмрэ, зэдэIэпыкъуныгъэмрэ зэрыIыгъыныгъэмрэ яхуэунэтIа хущIэкъуныгъэр. Ахэр лъэпкъ куэд здэпсэу, дин куэд здызэрахьэ Къэрэшей-Черкесымрэ ди къэрал уардэ Урысеймрэ лъапсэ яхуэхъу псэ лъапIагъэхэращ. НэщIым и дэтхэнэ махуэми ирегъэбыдэ фи фIэщхъуныгъэр, къывырет дэрэжэгъуэ, фрегъэнщI фIыгъуэрэ нэхурэкIэ. Сыхуейщ псоми фиIэну узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщрэ насыпрэ, — телеграм-каналым щиIэ и напэкIуэцIхэм щитхащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэм.

## Чыристанхэм

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид республикэм и православнэ чыристанхэм яхъуэхъуащ нэщI Иныр (Великий пост) зэрыщIидзамкIэ.

— Къэрэшей-Черкесым и православнэ чыристанхэм сывохъуэхъу нэщI Иныр зэрыщIидзамкIэ. А щихъ пIалъэр – псэ зыужьыныгъэм, гущабагъэм, IуэхуфIхэм я зэманщ.

Ди Къэрэшей-Черкес лъэпкъыбэм деж а лъапIагъэхэм зэрагъэубыд дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэхэр. Мы гъэм муслъымэнхэмрэ православнэ чыристанхэмрэ я нэщI мазэхэр зэтехуащ. ИкIи а щихъ пIалъэм дытрегъэгушхуэ IуэхуфIхэр щIэным, ар щхьэпэ ирехъу ди зэхуэдэ унэм илъ ныбжьэгъугъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэкIэ.

Си псэм къыбгъэдэкIыу сывохъуэхъу узыншагъэ быдэкIэ, псэ зэпIэзэрытыныгъэрэ зэIузэпэщрэкIэ. НэщI махуэхэр ирехъу псэхэр гъэкъэбзэным и зэман, абыхэм гухэр ирегъэнщI нэхукIэ, фIэщхъуныгъэрэ гугъэрэкIэ, — телеграм-каналым щиIэ напэкIуэцIхэм щитхащ республикэм и лIыщхьэм.



Сессием къикIыу

## Iуэху 20-м щIигъум

**Къэрэшей-Черкесым и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и зичэзу е 8-нэ сессиер екIуэкIащ. ЦIыхубэ ЗэIущIэм и спикер Иванов Александр и унафэм щIэту парламентарийхэр хэплъащ пленар зэIущIэр зытепсэлъыхьыну къагъэлъэгъуа Iуэху 20-м щIигъум.**

Депутатхэр арэзы техъуащ Къэрэшей-Черкесым 2025 гъэмрэ 2026, 2027 илъэсхэм я план пIалъэмрэ бюджетым халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэмрэ.

Къэрэшей-Черкесым финансхэмкIэ и министр Камышан Вадим хэIущIыIу зэрищIамкIэ, 2025 гъэм къаIэрыхьэну хэхъуэхэм я прогноз тегъэчынам къызэригъэлъэгъуамкIэ, планкIэ хьэкълыкъ, мыхьэкълыкъ хэхъуэу къаIэрыхьэнур сом 1 мелардрэ мелуан 27,9-кIэ нэхъыбэнущ. Апхуэдэу, гъазэ имыIэу (безвозмездно) къахэхъуэнур ягъэнэхъыбащ сом мелуани 2,7-кIэ.

Псори зэхэту республикэ бюджетым и хэхъуэр 2025 гъэм хъунущ сом мелард 39-рэ мелуан 979, 5-рэ.

Бюджетым и хэхъуэ Iыхьэмрэ илъэс кIуам къела ахъшэхэмрэ Iуэхум къыхалъытэри, ягъэнэхъыбащ къагъэсэбэпыну ахъшэхэр. Абы щыщу:

— сом мелуан 82-рэ хуаутIыпщынущ медицинэ къулыкъущIапIэхэм къатехуэ хьэкълыкъхэр яхуэтынымрэ узыншагъэм кIэлъыплъ бэзыр финансхэмкIэ нэхъыфIу къызэгъэпэщынымрэ;

— сом мелуан 219,1-рэ — хэгъэщхьэхукIа инфраструктурэ проектхэр гъэзэщIэным хуэунэтIа Iуэхухэм;

— сом мелуан 265,5-р — лэжьапщIэ зэрат бэзыр нэхъ зэтегъэпсыхьыным;

— сом мелуан 11,9-р — претензионнэ лэжьыгъэр щрагъэкIуэкIкIэ, къэрал пошлинэр ятыным;

— сом мелуани 108-р — кхъухьлъатэтедзапIэр ухуэным епха Iуэхухэр гъэзэщIэным;

— сом мелуан 99,3-р — сабий куэд зэрыс унагъуэхэм социальнэу зэрыдэIэпыкъу Iэмалхэм;

— сом мелуан 242,1-р — федеральнэ проектхэм хэтыным епха Iуэхухэм.

→ 2

Фэеплъ

## МэжджытыщIэм и япэ мывэ

**КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид хэтащ Бердиев хьэжы Исмэхьил и цIэр зэрихьэу, Карачаевск къалэм дащIыхьыну мэжджытым и япэ мывэр гъэтIылъынымкIэ дауэдапщэм. Мы Iуэхугъуэр ирагъэхъулIащ Рэмэдан мазэ лъапIэм, абы лъабжьэ хуэхъуащ хэгъуэгум и Iэтащхьэм и унафэр.**






Ухуэныгъэм и пэублэ Iуэхум хэтащ КъЧР-м и муфтий Эркенов хьэжы Мухьэммэд, Пятигорскрэ Черкесскрэ я архиепископ Феофилакт, УФ-м и Президентым деж щыIэ, динырылажьэ организацэхэм зэпыщIэныгъэ ядэIыгъынымкIэ Департаментым и унафэщIым и къуэдзэ Файзуллин Алмаз, Ставрополь крайм и муфтий Рахимов хьэжы Мухьэммэд, Правительствэм хэтхэр, республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм и депутатхэр, республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ я Iэтащхьэхэр, Исмэхьил хьэжы и гъунэгъухэмрэ и Iыхьлыхэмрэ.

Iуэхур къызэIуахащ КъурIэным ит сурэм къеджэнымкIэ. Апхуэдэ щIыхьыр хуагъэфэщащ Бердиев хьэжы Исмэхьил и пхъурылъху, хьафиз Кубанов Шэхьэбан.

Къызэхуэсахэм захуигъазэкIэрэ, Темрезов Рэшид жиIащ мэжджытым дин, лъэпкъ зэкъуэтыныгъэ я лъэныкъуэкIэ республикэм и мызакъуэу, зэры-Кавказу, Урысей Федерацэми мыхьэнэ хэха зэриIэр.

«Исмэхьил хьэжы и хэку цIыкIуми, Урысейми я тхыдэм хэмыгъуэщэжын лъэужь къыхинащ. Ар — Ищхъэрэ Кавказым и Координационнэ купсэм и япэ тхьэмадэу щытащ икIи а IэнатIэр илъэс 20-м щIигъукIэ зэрихьащ. Къэрэшей-Черкес Республикэм и муслъымэнхэм я Духовнэ Управленэм и пашэу щыткIэрэ, 1990 гъэхэм Исмэхьил хьэжы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ ислъам дин зыужьыныгъэм. Апщыгъуэми ар щыпкъэу и телъхьэу щытащ мамырыгъэр, къэгъэщIыныгъэр, зэкъуэтыныгъэр, зыуэ щытыныр, дин, лъэпкъ зэзэгъыныгъэр ди къэралым щытепщэным.

→ 2

Хэкум и хъумакIуэм и Илъэсым

«Парта Героя»







## «Псэухэр фIыуэ пхуэлъагъунукъым, хэкIуэдахэм я фэеплъыр пхуэмыхъумэмэ»

Совет Союзым и маршал Рокоссовский К. и псалъэхэр и щхьэщIэдзапIэу, Хьэбэз районым хыхьэ Али-Бэрдыкъуэ къуажэм дэт е 2-нэ курыт еджапIэм «ЛIыхъужьым и Партэ» къыщызэIуахащ Гаджимагомедов Нурмагомед и фэеплъу. Мы щIалэ хахуэм и цIэр еджапIэм и тхыдэм къыхэнащ.

Урысей къулыкъущIэ, лейтенант, 247-нэ Кавказ къэзакъ гвардейскэ десант-ебгъэрыкIуэ дзэ пакIэм и ротэм и командир Гаджимагомедов Нурмагомед Кулинск районым хыхьэ Кани дагъыстан къуажэм къыщыхъуащ. Урысейм и ВДВ-м и Кавказ къэзакъ полкым къулыкъу щищIащ. 2022 гъэм мазаем (февралым) зауэ операцэ хэхам щыщIидзэм, Хэкум и хуитыныгъэмрэ и хьэлэмэтхэмрэ зыхъумэну къэувахэм яхэтащ. Абы сыт щыгъуи жиIэт: «СылIэми нэхъыфIщ, гъэру зыст нэхърэ». Апхуэдэт и хьэл-щэныр — цIыху хахуэт, щхьэмыгъазэт. Зэхэуэ гуащIэ гуэрэм Нурмагомед уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ. Арами, и къарум къихьыху бийм пэщIэтащ. ХузэфIэмыкIыж щыхъум, гъэру зимытын щхьэкIэ, къэзыухъуреихьа боевикхэри здихьри, зыкъигъэуэжащ.

2022 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 3-м Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ, Нурмагомед «Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь» цIэр къыфIащащ (дунейм ехыжа нэужь). Апхуэдэ зауэ нагъыщэ лъапIэр абы къыхуагъэфэщащ и зауэлI къалэнхэр игъэзащIэу лIыгъэрэ гуеигъэрэ къызэригъэлъэгъуам къыхэкIыу.

Дауэдапщэм ипкъ иту, Гаджимагомедов Нурмагомед и гъащIэмрэ и лIыхъужьыгъэмрэ теухуауэ документальнэ нэтын къагъэлъэгъуащ. Къызэхуэсахэр ирагъэплъащ сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэм, Нурмагомед къыдалъхуахэм, и Iыхьлыхэм, къулыкъу къыдэзыщIахэм щIалэм теухуауэ къаIуэтэжа гукъэкIыжхэмрэ ди сэлэтым зауэ операцэ хэхам щызэрихьа лIыгъэмрэ къызыхэщыж теплъэгъуэхэм. Псом хуэмыдэу, къызэхуэсахэм гукъинэж ящыхъуащ лIыхъужьым и анэ Мазаевэ Сапижэт и псалъэхэр. Абы фIыщIэ яхуищIащ еджапIэм и унафэщIхэмрэ еджакIуэхэмрэ, и къуэм и фэеплъым апхуэдэ пщIэрэ щIыхьрэ зэрыхуащIам папщIэ. Анэм къыхигъэщащ лIыхъужьхэм я фэеплъыр хъумэным къытщIэтаджэ щIэблэмкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи жиIащ и къуэм зэрихьа лIыгъэр еджакIуэхэм щапхъэ зэрахуэхъунур.

Хьэбэз район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Унэжь Олег и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ Гаджимагомедов Нурмагомед и цIэр лIыхъужьыгъэмрэ гуеигъэмрэ я нагъыщэ зэрыхъуар.

— Партэр тематическэ дерсхэр здыщрагъэкIуэкIыну, ветеранхэмрэ зауэ зэхуэмыдэхэм хэтахэмрэ здыщаIущIэну, мыхьэнэшхуэ зиIэ гъэсэныгъэ Iуэхухэм здыщытепсэлъыхьыну щIыпIэ хъунущ, — къыхигъэщащ Унэжь Олег.

«ЛIыхъужьым и Партэ»-м япэ дыдэу дагъэтIысхьащ еджапIэм фIы дыдэу щеджэ Нэней Альбертрэ Мэремыкъуэ Инарэрэ.

**Зыгъэхьэзырар ДЗЭМЫХЬ Маринэщ**



ТекIуэныгъэм и Илъэс 80-м хуэкIуэу




# ЛIымахум и лIыгъэ гъуэгур

ипщэ лъэныкъуэмкIэ къекIуэлIащ. ЛIымахуми, абы щIыгъу зауэлIхэми унафэ къыхуагъэуват: зэпэщIэтыныгъэм зыхуагъэхьэзырыну, дэтхэнэми зыкъитIыхьыну. Апщыгъуэми ихъуреягъыр шэдыпсщ. Ауэ, сыт пщIэн: унафэр унафэщ!



Сэмэгумкlэ къыщыщIэдзауэ:
КIЫЩОКЪУЭ Сэхьид, ЛIЫМАХУ Мусэ, КАГИЕВ Кушыку, АСТЭЖЬ Бэчыр, ТХЬЭКЪУАХЪУЭ Хьэзиз, ЛIЫМАХУ Ибрэхьым

1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр зи нэгу щIэкIахэр, жагъуэ зэрыхъущи, нобэ къытхэтыжкъым, къызэрымыкIуэу кIащхъэщ ветеранхэм я сатырхэри. Апхуэдэу щыхъуакIэ, блэкIа зауэжьым теухуауэ къыджезыIэжын зиIэм ицIыхуж псори къыпытхын хуейщ, ар — ди адэжьхэм я гъащIэр зыщIата дэ, иджырей щIэблэм, ди къалэнщ. Апхуэдэ къалэныр щызу къыгурыIуэу, «Черкес хэку» газетым лэжьыгъэ хэха ирегъэкIуэкI, даIуощIэ щIэблэ хахуэм къыщIэна и бынхэм.

Али-Бэрдыкъуэ къуажэм щопсэу Щохъужь Катя. Ар Хъумэрэ ЦIыкIу къуажэм дэса, Хэку зауэшхуэм хэта ЛIымаху Ибрэхьим ипхъущ. Катя зэрыжиIэжымкIэ, езыр ныбэ илъу и адэр зауэм дэкIауэ щытащ. Ар зауэм хэлIыфIыхьащ, уIэгъэ хьэлъи хъуауэ къуажэм къыдыхьэжри, къуажэ Советым щылэжьащ, мэкъумэшым, жылагъуэ гъащIэм гуащIэфI хуигъэтIылъащ.

КъинэмыщIауэ, Катя и адэ къуэш ЛIымаху Муси Хэку зауэшхуэм хэтащ икIи зэгуэрми а тIур зэкIэричкъым, зэщIыгъуу игу къегъэкIыж, зэгъусэу я цIэ иреIуэ. Катя зэгуэрми щыгъупщэкъым я унагъуэр цIыху кIуапIэу, и адэм къыдэзэуахэр къыщIэупщIэ, къыхуэкIуэ зэпыту зэрыщытар, адэмрэ адэ къуэшымрэ ТекIуэныгъэм и махуэщIхэр ягъэбжьыфIэу зэрыхэтар. Ауэрэ гукъэкIыжхэр къызэрыдохьей икIи абыхэм я зы щыхьэт газет тхыгъэ къыхэбзыкIар къещтэ.

— Мыр щытрадзауэ щыта гъэр сцIыхужкъым, «Ленинское знамя», иджы «День республики» газетращ зытетар. ИкъукIэ ди гуапэу си анэми, бынми къыддекIуэкIащ мы тхыгъэри, адыгэбзэкIэ къыдэкI газетым тридзахэри. Мы тхыгъэр газетым къыхуитхауэ щытат ди адэм къыдэзэуа, къэзылъыхъуэж зауэлIым, — и нэпсхэр къыфIокIуэ гукъэкIыжхэм ягъэгумэщIа Катя.

Дэри а дакъикъэхэм псалъэмакъ етшэжьэныр тфIэлейуэ, ди пащхьэ кърилъхьа газет тхыгъэ такъырым гулъытэр идогъэз. Ар письмощ, къыздратхыкIар Харьков областым хыхьэ Чугуев къалэращ, къэзытхар гвардием и лейтенант Зинченко А. Пэжыр жыпIэмэ, ЛIымахум и зауэ гъуэгуанэр къедмытхэкIыжми, мы письмо кIапэм ар къызыхуэтыншэу къыхощыж, адыгэлIым и лIыгъэри къегъэнаIуэ.

«... 1053-нэ фочауэ полкым Ростов-Харьков гъуэгур иубыдри, къалэм и

Иджы дыдэт ЛIымахум Украинэм зыщимыгъэнщIу щыщытар: и цIыху жумартхэм, и щIыгулъхэм, губгъуэ бэвылъэхэм гу ящихуэтэкъым. Иджы, мис, гуэдзыр кърахьэлIэжын хущIыхьакъым, хьэцэпэцэр щызэщIэрыуа губгъуэхэм сырымэр кърех. Ихъуреягъыр мафIэ лыгъейщ, мафIэсым лъэрыщIыкI ещI и гъуэгум къыщыпэщIэхуэр...

→ 3

Фэеплъ

↰ 1

# МэжджытыщIэм и япэ мывэ

Бердиев хьэжы Исмэхьил мызэ-мытIэу IущIащ ди Лъэпкъ пашэм — УФ-м и Президент Путин Владимир. Бердиев Исмэхьил и псалъэ Iущыр — дин пашэ щыпкъэм, къэралым и хэкупсэм и псалъэщ. А псалъэр сыт щыгъуи тегъэчынауэ, лъагэу щыIуащ мэжджытхэм, федеральнэ, хэгъуэгу, лъэпкъыбэ утыку зэхуэмыдэхэм. Абы жиIэм щIэдэIут, я фIэщ хъут, щапхъэ трахт...», — жиIащ Темрезов Рэшид.

Хэгъуэгум и Iэтащхьэм къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ Исмэхьил хьэжы УФ-м и Президентым къэрал нагъыщэ — Зэныбжьэгъугъэм и орден, ЩIыхьым и орден, «Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIагъэхэм папщIэ» къызэрыхуигъэфэщар. Абыхэм ящIыгъущ хэгъуэгум къыщыхуагъэфэща: «Къэрэшей-Черкес Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIагъэхэм папщIэ» орденыр.

«Мы махуэр мэжджытыщIэм и япэ мывэр дгъэтIылъыным щIыхухэтхар щхьэусыгъуэншэкъым — нобэ Бердиев хьэжы Исмэхьил къыщалъхуа махуэщ. Мэжджытым Исмэхьил хьэжы и цIэр зэрызэрихьэнур щыхьэт хуэхъунущ абы дэ хуэтщI пщIэм, и фэеплъым, дин, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэ иным», — жиIащ Темрезов Рэшид икIи къыхигъэщащ мэжджытыр тхьэлъэIупIэ, дин щIэнгъуазэ купсэ зэрыхъунум шэч къызэрытримыхьэр.

«Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыхигъэщащ: «Ислъамыр урысей тхыдэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ. Президентым и унэтIыныгъэм дытеткIэрэ, адэкIи къэгъэщIыныгъэ къару етхьэлIэнущ лъэпкъ дин лIэужьыгъуэхэм защIэдгъэкъуэным, лъэпкъ куэду зэхэт Урысейм и зэкъуэтыныгъэр тхъумэным», — щIигъужащ Темрезов Рэшид.

Эркенов хьэжы Мухьэммэд къызэхуэсахэр зэрыщигъэгъуэзащи, мэжджытым зэ щIыхьэгъуэу цIыху 1500-рэ щIэхуэнущ, бухъар теплъэ иIэу яухуэнущ, Бегъымбарым и мэжджытым и азэн джапIэхэм ещхьхэр трагъэувэнущ.

«КъинэмыщIауэ, мэжджытым егъэщIылIауэ лэжьэнущ еджапIэ классхэр. Абыхэм ныбжьыщIэхэм щрагъэджынущ КъурIэныр, ислъам диным и щытыкIэхэмрэ и хабзэхэмрэ, и фIыгъуэхэр. Мыхьэнэшхуэ иIэщ къытщIэхъуэ щIэблэр хьэлыфIэ-щэныфIэу, диныр фIыуэ яцIыхуу, ислъам дин хабзэфIхэр я тегъэщIапIэу, ипэкIэ псэуахэм къытхуагъэнам пщIэ хуащIу къэдгъэтэджыным», — жиIащ муфтийм.

Абы кIэлъыкIуэу, Эркенов хьэжы Мухьэммэд Бердиев хьэжы Исмэхьил щхьэкIэ къызэхуэсахэм дыуэ яригъэщIащ.

Архиепископ Феофилакт и гуапэу игу къигъэкIыжащ Бердиевым дилъэгъуа, дигъэунэхуа и хьэлыфIхэр.

«Исмэхьил хьэжы сэ сыхуигъэсащ нэгъуэщI цIыхухэм пщIэ лей яхуэсщIу. Езым сыт щыгъуи зэхуэдэу пщIэ яхуищIт нэхъыжьми нэхъыщIэми. Зэхуэдэу пщIэ яхуищIт сыт хуэдэ лъэпкъым къыхэкIахэми. ЦIыхум и псэ къабзагъэм, и хуитыныгъэм, и бзэм, и щэнхабзэм хэхауэ пщIэ хуищIт. Абы и гуащIэрэ и псэрэ хилъхьащ республикэм къулыкъу хуэщIэным. КъызгуроIуэ нобэ мыбдеж къекIуэлIа, Исмэхьил хьэжы и унагъуэм, и Iыхьлыхэм я гуфIэгъуэр. Исмэхьил хьэжы и IуэхущIафэр тхыдэм псалъэ къудейуэ къыхэнакъым, абы ищIам и щыхьэтщ нобэрей Iуэхугъуэри», — жиIащ Пятигорскрэ Черкесскрэ я Архиепископ Феофилакт.

«Исмэхьил хьэжы Къэрэшей-Черкесым и хэкупсэ щыпкъэ цIыхут. Бухъар еджапIэм и еджакIуэ нэсщ ар, абы щIэныгъэ куу щызыIэригъыхьауэ. И гъащIэ псори хуигъэтIылъащ республикэм и ислъам жылагъуэмрэ Урысеймрэ я зыужьыныгъэм. Ислъам дин щIэнгъуазэм гулъытэшхуэ хуищIащ, экстремизмэм, мыхъумыщIагъэм къаруу иIэмкIэ пэщIэтащ.

Шэч хэлъкъым, мэжджытыр республикэм и теплъэ дахащэ хъунущ. Бердиев хьэжы Исмэхьил и Iуэхум пащэнущ»,— жиIащ Файзуллин Алмаз.

Рахимов хьэжы Мухьэммэд жиIащ Ставропольем щыпсэу муслъымэнхэми мэжджытыр ухуэным я Iыхьэ зэрыхалъхьэнур.

Бердиев хьэжы Исмэхьил и щхьэгъусэм фIыщIэ псалъэхэмкIэ зыхуигъэзащ хэгъуэгум и Iэтащхьэм къыхилъхьа жэрдэмыфIым и цIэкIэ, Iуэхум къеблэгъа псоми фIыщIэ яхуищIащ Исмэхьил хьэжы и фэеплъым къыхуащIа пщIэм щхьэкIэ.

АдэкIэ мэжджытым и япэ мывэр къызэIуахащ, апхуэдэуи ухуэныгъэщIэм пэублэ хуащIащ.

**Зыгъэхьэзырар ТУАРШЫ Ирэщ**

ГуащIэдэкI шынагъуэншагъэ

# ЛэжьапIэзэдэхьыр

ЛэжьапIитI зэдэзыхьыну хуейм ицIыхупхъэр сыт? Сыт хуэдэ мардэхэр иIэ мы щытыкIэм, сыт хуэдэ хабзэхэр телажьэрэ? «Совместительство», «совмещение» лэжьэкIэм сыт хуэдэ зэщхьэщыкIыныгъэхэр яIэ? Абыхэми, нэгъуэщI упщIэхэми жэуапэгъу къыхуохъу КъЧР-м гуащIэдэкIымкIэ и Къэрал инспекцэм и унафэщI къалэнхэр зыгъэзащIэ БИДЖИЕВ Руслан.

**— Сыт «совместительство» жыхуиIэр?**

— Ар — гуащIэдэкI зэгурыIуэныгъэм тету, и лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыщыдэхуэ зэманым кърииубыдэу, нэгъуэщI лэжьыгъэ Iыхьэ, улахуэ зытелъ игъэзэщIэнращ.

**— Лэжьэгъуэ сыхьэт мардэ иIэ апхуэдэ лэжьыгъэм?**

— Махуэм сыхьэти 4-щ мардэр (махуэм и лэжьэгъуэ сыхьэтым и ныкъуэ). Мазэр къапщтэми, апхуэдэщи, лэжьэгъуэ мазэм и ныкъуэращ «совместительство»-м и мардэр.

**— ЖыхуэтIэм хуэдэ лэжьыгъитI щызэдихьым деж, лэжьэгъуэ махуэ псо лэжьэнкIэ хуит?**

— Хуитщ: улахуэр зэрыгувам къыхэкIыу, лэжьапIэ нэхъыщхьэр къызэтеувыIамэ; лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыхуигъэув къалэнхэр игъэзэщIауэ, зэман къыхудэхуамэ; и узыншагъэ IуэхукIэ лэжьакIуэр и къалэнхэм къыпрагъэкIауэ, ауэ лэжьапIэтым абы иритын, е здиунэтIын нэгъуэщI лэжьапIэ щымыIэмэ, е здаунэтIам езы лэжьакIуэр кIуэну хуэмеймэ.

**— ЛэжьапIэ зэдэхьынымкIэ гуащIэдэкI хуитыныгъэ зимыIэр хэт?**

— Илъэс 18 иримыкъуахэр; узыншагъэмкIэ, гъащIэмкIэ щытыкIэ шынагъуэм епха лэжьыгъэм пэрытыр апхуэдэ дыдэ лэжьыгъэ зэдихьыну пэрыувэн хуиткъым; транспорт Iэмалхэм ирилажьэхэр, апхуэдэ зэхэзекIуэр зи къалэнхэр, зэдихьыну лэжьыгъэри абыхэм яхуэдэмэ.

**— Лэжьыгъэ зэдэзыхьыр отпуск щыкIуэкIэ, сыт хуэдэ хуитыныгъэхэр иIэ?**

— Илъэс къэс, ахъшэ телъу отпуск кIуэн, и лэжьыгъэ нэхъыщхьэм деж отпуск щыкIуэм техуэу; мази 6 мылэжьамэ — аванс отпуск етын; улахуэр къыхуэмынэу отпуск гъэкIуэн, зэдихь лэжьыгъэ етIуанэм деж и отпуск махуэхэр лэжьыгъэ нэхъыщхьэм деж нэхърэ нэхъ мащIэу щытмэ.

**—«Совместительство»-мрэ «совмещение»-мрэ сыт я зэщхьэщыкIыныгъэр?**

— **«Совместительство»** жыхуиIэм къикIыр: лэжьыгъэ етIуанэр щигъэзащIэр и лэжьапIэ нэхъыщхьэм къыхуигъэув къалэнхэр щызу зэфIиха нэужьщ; щхьэхуэу гуащIэдэкI зэгурыIуэныгъэ къагъэщI; зы лэжьапIэтIым е тIум я деж щылажьэ хъунущ.

«**Совмещение»** щыжытIэкIэ: и лэжьапIэ нэхъыщхьэм деж, и лэжьапIэтым деж, лэжьэгъуэ махуэм кърииубыдэу щигъэзащIэ лэжьыгъэ щIыгъужыныгъэщ; гуащIэдэкI зэгурыIуэныгъэншэу зэфIокI.

**Зыгъэхьэзырар ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэщ**

Хъыбар нэпцIхэм ятеухуауэ

Экстремизмэм, терроризмэм пэщIэту

# Набдзэгубдзаплъагъэр егъэлъахъшэ

Къэуэныгъэ къызэрагъэхъунымкIэ, минэ зэрыщIалъхьамкIэ хъыбар нэпцIхэр зыгъэIухэм я мурад нэхъыщхьэр — жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэр зэхэтхъуэныр, цIыхухэр гужьеигъуэ игъэхуэнращ.

Апхуэдэ хъыбар нэпцIхэр зэбгрызыгъэкI гуп щхьэхуэр нобэ куэду къэунэхуащ. А псори зыхуэунэтIар — хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм, зэрыкъэралу щыIэ зэпIэзэрытыныгъэр, тыншыгъуэр зэтекъутэнращ, цIыхухэр ягъэщтэнращ, жылагъуэм и шынагъуэншагъэм шэч къытрырагъэхьэнращ, спецкъулыкъухэр лэжьыгъэкIэ щIагъанэу, гъэзэщIэн хуейуэ щыIэ лъэпощхьэпохэм къыпэрышынращ. Апхуэдэ хъыбар нэпцIхэр нэхъыбэу къыздикIыр хамэ къэралхэращ. Абы къегъэлъагъуэ ди мыныбжьэгъу къэралхэм урысей цIыхухэм я зэпIэзэрытыныгъэмрэ Iэдэбыгъэмрэ зэхатхъуэным зэрыхущIэкъур. Зытхамрэ къызыбгъэдэкIамрэ мыбелджылыуэ, абыхэм хъыбар мыпэжхэр пощт ашычхэмкIэ зэбграгъэкI.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, Интернетым и къэухьхэм деж я мынэIуасэхэм я Iуэхутхьэбзэхэр хуагъэзащIэу жаIэу, апхуэдэ хабзэншагъэхэр зылэжьхэр ди ныбжьыщIэхэми къахокI. Псалъэм папщIэ, урысей хэгъуэгухэм ящыщ зым илъэс 14 хъу ныбжьыщIитIым мессенджер цIэрыIуэм иIэ «гуп зэхуэщIам» мынэIуасэ гуэрхэм я деж заказ ящIащ езы дыдэхэр здеджэ еджапIэм террор лэжьыгъэ щалэжьыну зэрагъэхьэзырым теухуа хъыбар нэпцIыр яутIыпщыну. Хабзэхъумэхэм зэуэ къыщIагъэщащ а еджакIуэхэр икIи уголовнэ Iуэху къыхуаIэтащ.

Фигу къыдогъэкIыж, терроризм унэтIыныгъэм хуэгъэзауэ хъыбар нэпцIхэр зэбгрызыгъэкIхэм, УФ-м и УК-м и 207-нэ статьям ипкъ иту, уголовнэ жэуаплыгъэ ирагъэхьынущ. Апхуэдэ жэуаплыгъэм ирашэлIэнущ илъэс 14 зи ныбжьхэм къыщыщIэдзауэ. Тралъхьэну тезырыр елъытащ щIэпхъаджащIэм илэжьыну и мурадам, абы жылагъуэм шынагъуэу къыхуихьыну щытамрэ а Iуэхугъуэм кърикIуамрэ ялъытауэ.

Щапхъэ, зэраныгъэкIэ (хулиганство) залымыгъэр илэжьамэ — цIыхухэр хэкIуэдэнкIэ шынагъуэ къызыпыкI къэуэныгъэм е мафIэ щIэдзыныгъэм, жылагъуэм шынагъуэншагъэ къыхуэзыхь нэгъуэщI къэхъукъащIэхэм ятеухуа хъыбарыпцIыр зыгъэIуам тезыру тралъхьэнкIэ хъунущ сом мин 200-м къыщыщIэдзауэ сом мин 500-м нэс, е илъэсищкIэ хьэпсэ ящIынущ, е егъэзыгъэкIэ илъэси 2-3-кIэ ягъэлэжьэнущ.

Апхуэдэ щIэпхъаджагъэр социальнэ инфраструктурэм и къулыкъущIапIэхэм (сымаджэщхэм, еджапIэхэм, сабий IыгъыпIэхэм, сатузыгъэпсэхупIэ купсэхэм, нэгъуэщIхэм) иращIылIамэ, е сом мелуаным нэхърэ нэхъыбэ хэщIыныгъэ ирагъэгъуэтамэ, а хабзэкъутэныгъэр къэзыгъэхъуам тезыру тралъхьэнущ сом мин 500-м къыщыщIэдзауэ сом мин 700-м нэс, е илъэси 3-5-кIэ ягъэтIысынущ.

Властым и къулыкъухэм я лэжьыгъэр къэгъэтIэсхъэн мурадкIэ а хьэгъэщагъэхэр зылэжьам тезыру тралъхьэнущ сом мин 700-м къыщыщIэдзауэ сом мелуаным нэс, е илъэси 6-8-кIэ хьэпсэ ящIынущ.

Мысакъыныгъэм къыхэкIыу цIыху гъащIэ ихьамэ, е нэгъуэщI Iуэху хьэлъэ къигъэхъуамэ, тезыру тралъхьэнущ сом мелуан 1,5-м къыщыщIэдзауэ сом мелуани 2-м нэс, е илъэси 8-10-кIэ ягъэтIысынущ.

ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа щIэпхъаджагъэхэм жылагъуэмрэ къэралымрэ я зэпIэзэрытыныгъэр ягъэлъэныкъуабэ, предприятэхэм, IуэхущIапIэхэм, транспорт коммуникацэхэм я лэжьэкIэ зэтегъэпсыхьар екъутэ, цIыхухэр гужьеигъуэ ирегъахуэ. Нэхъ шынагъуэжыр аращи, цIыхухэм я набдзэгубдзаплъагъэр егъэлъахъшэ.

**ЕЗАУЭ Маринэ**

КъЧР-м и Конституцэм и Махуэм

# Хабзэ Нэхъыщхьэр

1996 гъэм гъатхэпэм и 5-м къащтауэ щытащ Къэрэшей-Черкес Республикэм и Конституцэр. Ар хэгъуэгум и хабзэ нэхъыщхьэщ, республикэм щыпсэу цIыху къэс и хуитыныгъэмрэ и щхьэхуитыныгъэмрэ щIэзыгъэбыдэщ. Сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэмыкIами, сыт хуэдэ дин зэримыхьэми, сыт хуэдэ ныбжьым имытми — Конституцэр цIыхум и телъхьэщ, и къыщхьэщыжакIуэ-хъумакIуэщ.

Хэгъуэгу Конституцэр цIыхубэ мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ я лъабжьэгъэтIылъщ. Абы къыщымынэу, политикэ, жылагъуэ къару псори зэкъуэзыгъэувэщ, граждан жылагъуэм и институт щыпкъэщ. АтIэ, ди нобэ зэрыхьзэриййм, къэралым къыщегъу-къыщеныкъуэкъум, СВО-р щекIуэкIым апхуэдэ зэкъуэтыныгъэм, зы хъуным мыхьэнэшхуэ иIэщ, зэгуэрми хуэмыдэу.

Тхыдэм хуэдгъэзэжкIэрэ, фигу къэдгъэкIыжынщи, Къэрэшей-Черкес Республикэр къагъэщIа нэужь, илъэси 5-кIэ конституцэншэу псэуащ. Пэжщ, щыIащ конституцэм и къыхэлъхьэныгъэхэр, зыхуэдэнум и тедзэхэр. Апхуэдэ лIэужьыгъуэ 11 къыхалъхьат. Ауэ КъЧР-м и Ищхьэ советым и дэщтэныгъэрэ арэзыныгъэрэ щагъуэтакъым. АтIэ, хэгъуэгум и хабзэ нэхъыщхьэ-дэфтэрым Урысей Федерацэм и Конституцэм и щытыкIэхэри къыхэлъытауэ, абыхэм пэрыуэгъу хуэмыхъуу, апщыгъуэми лъэпкъ куэду зэхэт республикэм и лъэпкъ щытыкIэхэри, хьэлэмэтхэри къыщыхэлъытауэ щытыпхъэт.

Конституцэр дяпэкIэ зыхуэдэнум цIыхубэр щызыгъэгъуазэр хъыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ жылагъуэм хуагъэнэIуа нэужь, конституцэ комиссэм мини 3-м щIигъу къыхэлъхьэныгъэрэ чэнджэщрэ къекIуэлIащ. ЖыIэпхъэщи, хьэкъыпIэкIэ, хэгъуэгум и Конституцэр лъэпкъыпсо дэфтэр хъуащ. Абы телэжьар власть, къулыкъу, IэщIагъэлI, политик къудейкъым, атIэ зэрыцIыхубэу я акъыл зэдыхалъхьащ.

Конституцэр къыщащта лъандэрэ мы гъэм илъэс 29-рэ текIыжащ. Абы кърииубыдэу зэхъуэкIыныгъэ мащIэкъым республикэм къыщыхъуар. Ахэр зэхьэлIар хэгъуэгум и зыужьыныгъэ, и теплъэ ефIэкIуэныгъэ нэрылъагъухэм я закъуэкъым. Хэгъуэгу мэжэ-гъунапкъэхэми захъуэжащ, районхэм, къуажэхэм, уэрамхэм я фIэщыгъэцIэ куэд яхъуэжащ, республикэм «Президентым» ипIэкIэ «Iэтащхьэ» иIэ хъуащ. А псори Конституцэм щIэуэ хатхэжащ, зэхъуэкIыныгъэхэр ирагъэгъуэту. АдреймкIэ, лъэпкъ къэс, цIыху къэс ехьэлIа щытыкIэ нэхъыщхьэхэр хабзэ нэхъыщхьэу къэнэжащ, Конституцэр зытетыпхъэ щытыкIэ нэхъыщхьэм емыбакъуэу.

**ТУАРШЫ Ирэ**

Сессием къикIыу

↰ 1

# Iуэху 20-м щIигъум

Абы къинэмыщIауэ, хэгъуэгум и хуитыныгъэ лъэкIыныгъэхэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ республикэ бюджетым къыщыгъэлъэгъуащ бюджет ассигнованэхэр зэрызэпагуэшынур. Абы хэтщ медицинэ оборудованэхэмрэ препаратхэмрэ къызэращэхунури.

А щIыкIэм иту, республикэ бюджетым къигъэсэбэпыну Iыхьэр 2025 гъэм сом мелард 40-рэ мелуан 670,1-рэ мэхъу.

2025 гъэм республикэм иIэну бюджетым и иримыкъуныгъэр сом мелуан 690,6-рэ хъууэ ягъэуващ.

ЗэхъуэкIыныгъэ халъхьащ «О мерах социальной поддержки многодетной семьи и семьи, в которой один или оба родителя являются инвалидами» хабзэм.

Абы и проектыр зэхалъхьащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид 2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-м ищIа Зыхуэгъэзэныгъэм къыщыгъэлъэгъуа пщэрылъхэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ.

ЕджэгъуитIкIэ къащтащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэм теухуа Хабзэм и е 13-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэзылъхьэм и проектыр. Абы хэгъуэгу ятрегъэпсыхьыж федеральнэ хабзэ зэхэтыкIэм къыщыхьа мардэхэм.

ЗэхъуэкIыныгъэ халъхьащ Къэрэшей-Черкесым щрагъэкIуэкI нотариальнэ лэжьыгъэм теухуа хабзэми. Абы ипкъ иту Хьэбэз нотариальнэ округым щылажьэ нотариусхэм я бжыгъэр нэрыбгитIым нагъэсащ. Ар апхуэдэу ящI, цIыхухэр ягъэтыншын папщIэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, цIыху 31020-рэ зэрыс Хьэбэз муниципальнэ районым иIэр зы нотариус закъуэщ.

Депутатхэм дащтащ Къэрэшей-Черкес Республикэм и цIыхубэ художественнэ IэщIагъэхэм ятеухуа хабзэм и проектри. Ар къыхалъхьат Къэрэшей-Черкесым и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутат Ечзэч Мусэрэ Черняевэ Татьянэрэ я хьэрычэткIэ.

Абы къинэмыщIауэ, траубыдэ «Къэрэшей-Черкес Республикэм и цIыхубэ художественнэ IэщIагъэм щIыхь зиIэ и мастер», «Къэрэшей-Черкес Республикэм щIыхь зиIэ и мастер-ремесленник» щIыхьыцIэхэр къагъэщIыну.

Иджыри зы хабзэ проект къащтащ «къуажэ» псалъэр «жылэ» (село) псалъэкIэ зэрызэрахъуэкIыжым теухуауэ. Къызыл-Покун къуажэр Росреестрым жылэу къыщыгъэлъэгъуащ. Зэтемыхуэныгъэ тхылъхэм къахэмыхуэн папщIэ «къуажэр» — «жылэ» ящIыж.

Иджыри хабзэ проект зыбжанэ къащтащ республикэ хабзэхэр федеральнэ мардэхэм ятегъэпсыхьыжыным хуэунэтIауэ.

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ**

**Къэрэшей-Черкесым капитальнэу щызэрагъэзэхуэж «Куэш-Хьэблэ - Инжыдж-КIыкIун» гъуэгум хыхьэ лъэмыжыр. Ари фигу къэдгъэкIыжынщи, а лъэмыжыр зыхиубыдэ, километр 13 зи кIыхьагъ гъуэгу Iыхьэр зэтрагъэпсыхьыжащ 2016 гъэм.**

Зэгъэзэхуэжыныгъэхэр

# Лъэмыжыр зэтрагъэпсыхьыж

— Елбыргъэнрэ Хьэбэзрэ зэзыпх, совет зэманым яухуа лъэмыжыжьыр къэгъэщIэрэщIэжыным иужь дихьащ нэгъабэ. Лэжьыгъэхэр яублащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и пщэрылъкIэ зэхалъхьа «Безопасные и качественные дороги» лъэпкъ проектым и къэухьхэм иту. Мы гъэм капитальнэ зэгъэзэхуэжыныгъэр пытщэнущ «Инфраструктура для жизни» лъэпкъ проектыщIэмкIэ.

Нобэ ехъулIэу яухащ псы ежэхыпIэр (русло) зэтегъэпсыхьыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр, ягъэбыдащ лъэмыжыр зытралъхьэну щIэгъэкъуэнхэр («лъакъуэхэр»), ягъэхьэзыращ арматурэ каркасхэр, зэтрагъэпсыхьащ пIалъэкIэ ягъэув гъуэгу нагъыщэхэр. АдэкIэ Iуэхушхуэхэр къапоплъэ. Ари къыхэзгъэщынщи, лъэмыж псэуалъэр капитальнэу зэрагъэзэхуэжыну къудейкъым, атIэ нэхъ ин ящIынущ. Лэжьыгъэ псори зэлъыщIагъыхьа нэужь лъэмыжым и кIыхьагъыр хъунущ погоннэ метр 44-рэ. Лъэмыжыр хьэзыр хъунущ 2025 гъэм и кIэм ехъулIэу.

А псэуалъэм и закъуэкъым мы гъэм республикэм къыщыдгъэщIэрэщIэжынур. Куэд мыщIэу «Региональная и местная дорожная сеть» федеральнэ лъэпкъ проектым и къэухьхэм иту иужь дихьэнущ «Черкесск-Домбай» автомобиль гъуэгум хиубыдэ, Ипщэ Тебэрды и екIуэлIапIэм щыIэ лъэмыжыр зэгъэзэхуэжыным, — щитхащ и телеграм-каналым хэгъуэгум и лIыщхьэм.

**ЗЕКIУЭЛI Хьэмыщэ**

Жылагъуэ палатэ



# Совет нэхъыфIхэр къапщытэжащ

КЪЭРЭШЕЙ-ЧЕРКЕС Республикэм и гъэзэщIакIуэ власть къулыкъухэм, къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я жылагъуэ Совет нэхъыфIхэр къапщытэжащ.

Абы теухуауэ ди хэгъуэгум и жылагъуэ Палатэм зэIущIэ щекIуэкIащ. А Iуэхугъуэм къызэхуишэсащ ди щIыналъэм и псэукIэр егъэфIэкIуэным, зегъэужьыным хуэпабгъэу лажьэ республикэм и Министерствэхэмрэ Управленэхэмрэ я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм хэтахэр къригъэблэгъащ КъЧР-м и жылагъуэ Палатэм и унафэщI Ляшовэ Еленэ.

— Псом япэрауэ, жылагъуэ советхэм хэтхэм, власть къулыкъухэм я лIыкIуэхэм, цIыху жыджэрхэм, ди хэгъуэгум и къэкIуэнур къызыфIэIуэху дэтхэнэми фIыщIэ фхузощI! Фи лэжьыгъэр къалэн пыухыкIа вгъэзащIэ къудейкIэ зэфIэкIкъым, атIэ IуэхугъуэфIхэм адрейхэр къыхувогъэуш, ди республикэр нэхъыфI, нэхъ тынш, шынагъуэншэ зэрыфщIыным фыхущIокъу, — захуигъэзащ къекIуэлIахэм Ляшовэ Еленэ.

Ахэр ирипсэлъащ жылагъуэ щIэплъыкIыныгъэм, власть къулыкъумрэ цIыхумрэ я зэдэлэжьэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэм. А Iуэхур нэхъри егъэфIэкIуэным зэрыпылъынур къыхагъэщащ.

А махуэм, зи лэжьыгъэр фIагъ хэлъу зыгъэзэщIа, хэгъуэгум и социальнэ, экономикэ Iуэхухэр зэфIэхыным жыджэру пыкъуэкIа Министерствэ, Управленэ, жылагъуэ Совет нэхъыфIхэм дипломхэр иратащ.

Жылагъуэ Палатэм и унафэщIым къыхигъэщащ ди республикэм хьэрычэт зиIэ, жылагъуэм и фIыгъуэ зэрихуэу лэжьэну хьэзыр цIыхухэр куэду зэрыщыIэр, дяпэкIэ ахэр Къэрэшей-Черкесыр нэхъри щIэрэщIэным зэрыхуэлэжьэнур.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

Лъэпкъ зэхущытыкIэ, зэныбжьэгъугъэ

# «ЦIыхур цIыху щIыжщ»

**ЦIыхухэм, лъэпкъхэм яку дэлъ пщIэращ, нэмысращ, гулъытэращ, зэхущытыкIэ дахэращ щIылъэр зэтезыIыгъэр. Адыгэм ауэ сытми жиIакъым «цIыху цIыху щIыжщ», жиIэу: гуапэу ущызэпсалъэкIэ, ущызэщIэупщIэкIэ, гулъытэрэ пщIэрэ щызэхуэпщIкIэ, абыхэм къару къыпхалъхьэ, уагъэгушхуэ, гъащIэм ущагъэгуфIыкI. Апхуэдэ зэхущытыкIэфIхэм ятеухуауэ зы щапхъэ къэтхьыну дыхуейт...**

ФIы дыдэу доцIыхуж усакIуэ, философ, адыгэ журналистикэм и лъабжьэр Къэрэшей-Черкесым щызыгъэтIылъахэм ящыщ Пхъэш МуIэед и теленэтын телъыджэхэр. ЖытIэнщи, абы хуэдэу адыгэбзэр зыгъэшэрыуэ гъуэтыгъуейт. Журналист цIэрыIуэм игъэхьэзыр теленэтынхэр узыфIэмыкIыжыну гъэщIэгъуэныщэт, «мыхэр дэнэ къыщрихрэ» жыуигъэIэт. Апхуэдэ и зы IэдакъэщIэкIщ ди гулъытэр зыхуэзар. Ар МуIэед 2000 гъэм Къэрэшей районым хыхьэ Хъумэрэ адыгэ къуажэм щытрихауэ щытат.

Фильмыр щIедзэ упщIэ пыIэ хужьыр зыщыгъ лIым дзапэ уэрэдыр кърищу къуажэм и бгылъэ дахащэхэм шууейуэ ирикIуэу. Абы къыдэкIуэуи журналистымрэ и псэлъэгъумрэ зэдэуэршэрын щIадзэ. Псалъэ хьэху къыхимыгъахуэу адыгэбзэр дахэу зыгъэIу лIым къиIуатэ хъыбарыр гъэщIэгъуэн дыдэ тщыхъуащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, ар лъэпкъкIэ къэрэшейт, и лъапсэр Къарт-Джурт къуажэм къыщежьэт.

«Си адэм щхьэгъусэ къиша нэужь, Къарт-Джуртым къыдэкIри, си анэшхэри щIыгъуу, Хъумэрэ къуажэм къэкуэшахэщ. Абыкъухэ щIыгу къыщащэхури, абдеж унитху щращIыхьри, псэун щIадзащ. Ди адэ-анэм хъыджэбзиплIрэ щIалитIрэ драIэти, хыри мыбдежщ дыкъыздэхъуар. Апщыгъуэм мы адыгэ къуажэм къэрэшей лъэпкъым къахэкIауэ унагъуэ 18 дэсащ. ЖысIэнщи, адыгэхэмрэ дэрэ фIыуэ дызэрылъагъуу дыпсэуащ. Сэ апщыгъуэм сысабийт, арами, фIы дыдэу си нэгум щIэтыжщ ди нэхъыжьхэр хьэщIапIи зэхуэкIуэу, я нэщхъеягъуи я гуфIэгъуи зэдагуэшу зэрыщытар. Гъунэгъур зыгуэр хуэныкъуэу мыдрейхэр щысынутэкъым, зэдэIэпыкъут, зызэщIагъакъуэт. Унэ щащIкIи, щIыхьэху жаIэти, зэхэлъадэти, зым и Iуэху зэдыдагъэкIт. Мис апхуэдэу зэгурыIуэу, якум IэфIыныгъэ илъу ахэр къызэдэгъуэгурыкIуащ. Уэ нэгъуэщI лъэпкъым укъыхэкIащ жаIэу зэхадзакъым, зы унагъуэм хуэдэу зэдэпсэуахэщ, зэхэсахэщ. Сэ адыгэхэм сазэрыхэмысыжрэ куэд щIащ, ауэ я бзэр фIы дыдэу сцIыхуащ. Бзэр мащIэу сIэщIэхужами, Хъумэрэ къуажэм ныбжьэгъу къыщысхуэхъуахэр сщыгъупщакъым, ахэр куэду сиIэщ. Дзэмыхьхэ Екъуб, Цагъэхэ Умар, Дыгъужьхэ я унагъуэхэр ди гъунэгъут, фIы дыдэу дызэхущытт, сабийхэр дызэдэджэгут, дызэрыгъэныбжьэгъут, зэщIыгъуу еджапIэм дыкIуэт. Уэ укъэрэшейщ, сэ сыадыгэщ жытIэтэкъым, дызэрыгъэныбжьэгъут. Адыгэ унагъуэхэм дихьэмэ дагъэхьэщIэу, цIыхугъэшхуэ къыткIэлъызэрахьэу апхуэдэт. Ди анэр мэкъу Iэнащтэ дэкIмэ, гъунэгъум дакъыхуигъанэти, ахэр къыткIэлъыплът, я нэIэм дыщIэтт. ЧеркесыбзэкIэ сыпсалъэу щыщIэздзар абдежращ. Адыгэм дащыхэсам дяку илъа IэфIыныгъэр зэи сщыгъупщэнукъым. Ахэр зэрыцIыхуфыр, зэрылъэпкъыфIыр си сабиигъуэм зыхэсщIащ, ноби дэнэ сыщымыIами, си гум гуапэу илъщ, хэти яжызоIэ», — теленэтыным щыжеIэ Нурдин зи цIэ къэрэшей щIалэм.

ЖытIэнщи, ди адэжьхэр дэр нэхърэ нэхъ губзыгъэт, зы махуэ къудейкIэ мыпсэууэ жыжьэ плъэфт, нэхъыби ялъагъут, «Зы нэкIэ къоплъым нитIкIэ еплъыж» псалъэжьым и ущием тету псэут. Мыр цIыху хъунщ жиIэу абы щыгугъыу тхьэшхуэм дунейм къытригъэхьахэм псэунымкIи, лэжьэнымкIи зэхуэдэ хуитыныгъэ зэраIэр зэхащIыкIт, дэ дынэхъ лъэпкъышхуэщи, нэхъыбэри, нэхъыфIри тхуэфащэщ жаIэу я бгъэм теуIуэу къэувхэтэкъым. Псэлъэным ипэкIэ гупсысэхэт, ежьэным ипэкIэ заплъыхьт. Аращ хьэлэбэлыкъ яку къыдэмыхуэу ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэр зэгурыIуэу къыщIызэдэгъуэгурыкIуар. Нобэ си кIэныр къикIащ жаIэу, зым адрейр игъэущиижтэкъым, къабгъэдэтыр я щхьэм иралъытт. Сыту жыпIэмэ къагурыIуэт мы дунеижьыр зэрычэзур, нобэ уэрамэ, пщэдей сэращ. АтIэ, а псоми щIэгупсысу, а псори зэригъэзахуэу къытщыхъуащ Пхъэш МуIэед и псэлъэгъу къэрэшей лIым.

АтIэ цIыхукIэ къытщыгугъыу Тхьэшхуэм мы дунейм дыкъытрегъыхьэ, лъэпкъыцIэ зырыз зетхьэу допсэу, ауэ къемэтмахуэ къэсу Тхьэм и пащхьэ дыщихьэжкIи зы упщIэщ абы къытхуигъэувынур: «Сызэрыпщыгугъам хуэдэу цIыхуу укъыщIэкIыжа?»

Аращи, ди лъабжьэ щIэт, ди Iэ къызыпекIуэкI дэтхэнэ зыми мы гупсысэр яхэдывгъапщэ! Алыхьым лъэпкъкIэ дызэхидзу дыкъыщIигъэщIар ди гъащIэр нэхъ дахэ, нэхъ гъэщIэгъуэн хъун щхьэкIэщи, ар апхуэдэу щрет, ауэ цIыхугъэ, нэмыс, гулъытэ зэрытхэлъын, гу къабзэ, псэ къабзэу дунейм дызэрытетын хуейр зыщыдывмыгъэгъупщэ!

**ДЗЭМЫХЬ Маринэ**

ТекIуэныгъэм и Илъэс 80-м хуэкIуэу

# ГукъэкIыжхэр

ТекIуэныгъэшхуэр ди къэралым къызэрихьрэ мы гъэм илъэс 80 ирокъу. А махуэр хуабжьу лъапIэу къыхуэкIуащ ди Хэкум: зы унагъуэ къэнакъым и псэ химылъхьауэ, е ныкъуэдыкъуагъ къыхимыхауэ. Арагъэнщ ноби абыхэм я цIэр щIытщымыгъупщэр. Нэхъыжьхэм тхузэфIэкI къэдгъанэкъым къытщIэхъуэ щIэблэм абыхэм я цIэр ящымыгъупщэн папщIэ. Гъуэтыгъуейщ жылэ фэеплъ сын дэмыту, зауэм хэкIуэдахэм я цIэ-унагъуэцIэр темыту...

Ди республикэм щыяпэ дыдэу жыпIэми угъуэщэнукъым, Куэш-Хьэблэ къуажэдэсхэм я мылъку зэхэдзэкIэ къуажэм къыдагъэувауэ щытащ апхуэдэ сын, ТекIуэныгъэр илъэс 25-рэ зэрырикъум ехъулIэу. ЕджакIуэхэри егъэджакIуэхэри хэтащ а ухуэныгъэм. Накъыгъэм (майм) и 9-м сыныр къызэIутхащ, зауэм хэкIуэдахэм я цIэ-унагъуэцIэр дыщэпскIэ тетхауэ. А махуэр гуфIэгъуэ пэтми, нэпс куэди щIагъэкIащ къуажэдэсхэм, кIэрылъ пхъэбгъухэм бгъэдыхьэурэ, я Iыхьлыхэр къагъуэтурэ, Iэ далъэт, я нэпсри къафIэкIуэт. ФIыщIэшхуэ къытхуащIат сыныр гъэувыным елэжьахэм.

Ноби а фэеплъ сыным и Iуэху нэхъыщхьэр — щIэблэр хэкупсэу гъэсэныр — пщIэ иIэу егъэзащIэ. Щытхъу яхуэфащэщ абы кIэлъыплъ гупми, еджапIэм щIэсхэми.

ЦIыхубэм я пщэ дэлъщ сыт хуэдиз темыкIами, зауэм хэкIуэдахэм, фэбжь хахауэ къыхэкIыжахэм, тылым щылэжьахэм я фэеплъыр яхъумэну, ящымыгъупщэжыну. Хэку зауэшхуэм и ветерану нобэ къынэсар мащIэ дыдэщ. 1980 гъэхэм къуажэ Советым сыщылажьэм Зеикъуэ, Куэш-Хьэблэ, Ботэщей къуажэхэм зауэм хэтауэ нэрыбгэ 228-рэ дэсащ, нобэ псэууэ зыри дунейм тетыжкъым. Я мащэр Тхьэм нэху ищI.

Псэууэ зауэм къыхэкIыжахэр IэнатIэ хьэлъэ пэрыувахэщ: псэукIэр зэфIэгъэувэжыным, бынхэр зыхуей хуэгъэзэным. Сэ зэрысцIыхужымкIэ, ахэр цIыху хьэлэлу, гущIэгъу яхэлъу щытащ. Я быным хуэдэ къабзэу япылът ибэу къэнахэм, зи адэ зауэм хэкIуэдахэм. Нэхъыжьхэм дызрашалIэти, къыдэущиет, лэжьэгъу дыздащIт, шхынкIэ, щыгъынкIэ къытхуэсакът. Ди ныбжь щIалэ цIыкIухэр абыхэм ягъусащ IумпIэIыгъыу, прицепщикыу. Лэжьыгъэ хьэлъэм дыщахъумэт, дызэреджэн хуейр къыддаIыгът.

Губгъуэм дыщиткIэ зэи ди ныбэ дыхуагъэныкъуэтэкъым, къытхуэсакът. Гъаблэр къыщыттеуами, ахэращ дыкъезыгъэлар. ЦIыхур зэхуэфIт, зэхуэгъэкIуатэ яку дэлът. ЗэгурыIуам хуэдэу, унагъуэ дэхуэхам зыщIагъакъуэт.

IэнатIэшхуэ зыIыгъми и гур хуэмыгъуэт зэтехуа, хуэмыщIа цIыхум. И IэнатIэм ирикъейтэкъым. Си щхьэкIэ срихьэлIащ мы къыкIэлъыкIуэ хъыбарым.

... Гъунэгъу сиIащ Щауэхэ Ахьмэдрэ Мулидрэ. Мулиднанэ Инжыджышхуэ къуажэм щыпсэу Мэремыкъуэхэ япхъут. Абы дэлъху иIэт Хьэсин и цIэу. Ар зауэм къелат, IэнатIэшхуи пэрагъэуват. Зы тхьэмахуэ дэмыкIыу и шыпхъум деж ар лъагъунлъагъу къакIуэт. Мулиди и дэлъхум щыгуфIыкIыпэти, адыгэ шхыныгъуэхэр ригъэшхт, щыкIуэжкIэ гъуэмылэу шэ, шху, кхъуей иритт. Мулид и дэлъхур къыщыкIуэнур и псэм ищIэт, уэрамым къыдэкIти ежьэт.

Зы махуэ гуэрым Хьэсин и шыпхъум деж къэкIуащ Къардэн Мурат (Совет Союзым и ЛIыхъужьращ), Агырбэ Рэшид, Шурдым Кушыку сымэ и гъусэу. Абыхэм яку ныбжьэгъугъэ быдэ дэлът. Агырбэ Рэшид зауэм къыдыхэтауэ ди хьэблэдэс Щауэ Хьэсини кърихьэлIат.

Мулид лъэтэным хуэдэу псынщIэ хъуат и Мамыху (арат и дэлъху Хьэсин анэцIэу иIэр) и ныбжьэгъухэр и гъусэу къызэрыкIуам щхьэкIэ. Адыгэ шхыныгъуэу къахуимыIэта щыIакъым апщыгъуэм. ЩIалэхэри уэршэру, хъыбар яIуатэу куэдрэ зэхэсащ.

ХьэщIэхэр ежьэжыну заIэтыжауэ, уэшхышхуэ къыщIидзащ, уэ пIащи хэту. Ар зэрызэпыууэ, Мулид ди дежкIэ къырекIуэкIащ уэм зэран къыдищIылIамэ къищIэн папщIэ. Ди анэр гъыуэ дэкIуеипIэм тесу хуэзащ. Унащхьэм дэплъеямэ, шабзэм кIуэцIрихам хуэдэу, гъуанэ хъуат. Ди хьэблэм ди унэ закъуэрат шифер зытелъри, зэхикъутат. Ди анэр игъэудэIужри, Мулидхэ я дежкIэ ирекIуэкIыжащ. Абы хьэщIэхэм яжриIащ гъунэгъум и унэм къыщыщIар.

ЩIалиплIри ди пщIантIэм къыдыхьэри, Iуэхур зыIутыр зрагъэлъэгъуащ.

— Умыгужьей, ди шыпхъу. Пщэдей нэхъ пIалъэ имыIэу зэдгъэзэхуэжынщ, — жаIэри дэкIыжахэщ.

ЕтIуанэ махуэм къытхурагъэшащ унащхьэм хурикъун къэнжал, лъэгум итлъхьэн, щIымахуэм дгъэсыну тхурикъун фIамыщI жэуэ.

Ди анэр дунейм тетыхункIэ а щIалэхэм фIы къайхъулIэну Тхьэм яхуелъэIуащ. ЛъэIур Тхьэм ищтауэ къыщIэкIынщ. ЦIыхуфIт ахэр.

**МОЛЭ Рэшид**

2↰

# ЛIымахум и лIыгъэ гъуэгур

ЩIыгум телажьэу еса ЛIымахур егугъут Iуэхум. АтIэ, щIыгу дапщэ абы и IэхэмкIэ зэрагъэзэкIар, къатIар. Ахэр мывалъэт, хьэлъэт, быдэт. Украинэ щIыгур нэгъуэщIщ: ар хъуэпсэгъуэу щабэщ, щIыгулъщ, фIыцIэщ, лэжьыгъэ щыпщIэн мыхъумэ хуэмейуэ. Ауэ, неIэмал.

— Е-ей махуэ, мы щIыгу хъарзынэм мыпхуэдэт хуэфащэр?! Гуэдзыр щыуфафэу щыдгъэкIыным ипIэкIэ ятIагъуэ лъабжьэм щIыгу берычэтыр идогъэхь, щIытIхэм я фIыцIагъэкIэ щIыдохъумэ, — хьэлъэу хэщэтыкIыурэ и щхьэм хужиIэт Ибрэхьим.

ЕужьэрэкIт ЛIымахур. АтIэ, ар сэлэт къудейтэкъым, икIи коммунистт, икIи политзауэлIти, псоми я щапхъэу щытын хуейт. Ардыдэт къыжриIар дивизэм и комиссар Балакиревми, IэнатIэм щытригъыхьэм. ИкIи ЛIымахур зэгуэрми, зыщIыпIи щепцIыжакъым кърагъэза дзыхьым: биишэм зыщидзеякъым, шынакъым, бийм ебгъэрыкIуэн хъуамэ — псом япэ зыкъиIэтти ежьэт, къикIуэтын хъуамэ — псом яужь къинэт...

Полкым и щытыпIэм пщэдджыжьым бийр къебгъэрыкIуэн щIидзащ. Шэдхэм гъуахъуэу къыхэпщт нэмыцэ танкхэр, абыхэм кIэщIу я ужьым иту къакIуэт лъэсыдзэр. Сыти япщIэнт, атIэ — абыхэм Ищхъэрэ Донецкыр зыIэрагъыхьэныр лIыгъэилъхьэпIэ къалэну къыхуагъэуvвати, ягъэзэщIэн хуейт.

Къэсыным иджыри куэд иIэт, нэмыцэхэм автоматышэхэр къагъэлъэлъэн щыщIадзам.

— Дагъэшынэну хэтщ. Езыхэр зэрышынэр я фочауэ макъхэмкIэ щIахъумэ. Фи фочхэр фIыуэ ятевмыгъэпсыхьауэ фымыуэ. Ар нэхъыщхьэщ, — и макъым зы пIейтеиныгъи къыхимыгъахуэу сэлэтхэм яжриIащ ЛIымахум.

Абы кIэлъыкIуэу, нэмыцэ офицеру езым зыхуигъэфэщам тригъэпсыхьри, хиукIыкIащ. Ди фочауэ макъым кIэлъыкIуэу, нэрылъагъуу кIащхъэ хъуащ бийм и зауэлI сатырхэр, икIуэтащ къэнар.

Зэхэуэ нэужьым ЛIымахум къыбгъэдыхьащ ротэм и политрук Иваницкэр.

— Афэрым, Ибрэхьим. Си нэкIэ слъэгъуащ нэмыцэ офицерищ зэрыбукIар. Уи лIыгъэхэм теухуа листовкэ къыдэдгъэкIащ, уи хэку цIыкIуми яхуэттхынущ хахуэу узэрызауэр, — жиIащ абы.

А псалъэхэм Iэнкун ящIа Ибрэхьими: «ЛIыгъэшхуэ сщIакъым. Псоми сахуэдэщи, фочыр согъауэ, созауэ», — жеIэ.

Политрукым ЛIымахум и лIыгъэхэм теухуа письмо и хэку цIыкIум къитхыну жиIами, хущIыхьакъым. КъыкIэлъыкIуэ егъэрыкIуэныгъэ зэхэуэм щыхэкIуэдащ.

Зэгуэр ЛIымаху Ибрэхьим Полтавщинэм щыщ сэлэтыр къыбгъэдыхьэри къеупщIащ:

— Дэнэ апхуэдиз къару къыздипхыр? Сэлэту укъалъхуами ерагът.

— Хэкум и пащхьэ къалэн щызиIэщ, къыбгурыIуэрэ. НэгъуэщIу хъунукъым, — жэуап иритыжащ ЛIымахум.

Взводым и командир, лейтенант Безручко махуэ гуэрым Ибрэхьим унафэ къыхуищIащ.

— ЛIымаху, плъыракIуэхъумакIуэ укIуэнущ. Уэ узыхуейр къыхэх, нэрыбги 4 хуэдиз. Мес, мо лъагапIэм фекIуалIэ, абы тет танк къутам и лъабжьэм зыщывгъэбыди фыщыплъыр, — къыжриIащ командирым.

Апхуэдэуи ящIащ. Жэщщ. Зыми и нэбдзыпэ зэтехьэкъым, зэхэуэ щыIэнкIэ зэрыхъунум егъэпIейтей гупыр. Нэхущэм, пшагъуэ зэхэтым къыхалъагъукI зэхэзекIуэ гуэр. Хэплъапэмэ: нэмыцэ 30-м нэс къахуокIуэ. «Бзэгу яхьыну къежьащ» — къыгурыIуащ Ибрэхьим. И гупсысэр щIагъэбыдэжу, къэIуащ: «Рус, плен двай. Водка много кушай, домой, нах хауз, будем отпускайт...» — и макъыр иритхъыу гуоут зы фашистыр. Ар адыгэлI пхъашэм хуэшэчынт: «Игу ихауэ гуоур сысейщ. Адрейхэр фэ фи Iыхьэщ», — яжриIащ и гъусэхэм. Къытригъэзэжу гуоун щIэзыдза фашистым и псалъэхэр зэпиудащ ЛIымахум и фочауэ макъым икIи кърригъэжьар нримыгъэгъэсу, нэмыцэжьым ажалыр къыхуихьащ. Адрейхэри армуакъым: заул хаукIыкIащ, къэнэжари щIэпхъуэжащ.

ЩIымахуэу ЛIымахур дивизэм и штабым ираджащ. Нэсыхун куэдым егупсысащ, щIраджар къыгурымыIуэу. Иужьым гуапэу игъэщIэгъуащ. АтIэ, щIраджар арати, «За отвагу» медалыр абдеж къыщыхуагъэфащэ. Ар ЛIымахум зауэм къыщихьа зауэлI нагъыщэхэм языхэз хъуащ.

Мы псори къыщыхъуар зауэм ипэ дыдэхэращ. иужькIэ ди гъуэгухэр зэхэкIри, дызэфIэкIуэдащ политзауэлI ЛIымаху Ибрэхьимрэ сэрэ. Дэнэ щыIэ ар? Псэу? И гъунэгъу, и унагъуэ, и Iыхьлы — фцIыхуIамэ, хъыбар къызэвгъащIэ», — жэуэ итщ письмом. Гуапэ зэрыхъуну зэрыгъуэтыжащ зауэлIхэр.

НэгъуэщI зы хъыбари. Абыи къегъэлъагъуэ зауэр лIыгъэ гъэлъэгъуапIэ, хэкупсагъэм и псыхьыпIэ хъуам къыщымынэу, цIыхубэр, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIахэр зэзыпха тхыдэ къэхъукъащIэ зэрыхъуар. Адыгэ щIалэ ЛIымаху Ибрэхьимрэ осетин лъэпкъым къыхэкIа Баликоев Келерэ я унагъуэхэм игъащIэ псом зэкIэлъыкIуэу къахьащ. Ари зэрыхъуар мыращ. Ибрэхьим уIэгъэ хьэлъэ телъми, ар иджыри зэрымыкIыжами емыплъу, госпиталым къафIыщIэкIыжащ, уIэгъэ хъуа зауэлI куэд къыщашэм.

Ибрэхьими, нэгъуэщI сэлэтхэри зэрыс машинэр къуажэбгъум къыщыувыIэм, ЛIымахури къикIащ. АрщхьэкIэ, лъэбакъуэ зытIущ нэхъ имычу джэлащ. Къуажэбгъум щылъ сэлэтым и хъыбар зэхэзыха осетинхэр къызэхуэсащ, хэти зыщыщ щIоупщIэ, хэти къызыхэкIа лъэпкъыр зригъэщIэну хуейщ. Зыми щIэмыупщIэу, щIэупщIахэри игъэукIытэжу зы осетин лIыр къахэпсалъэри жиIащ а упщIэхэр зэрылейр, хэт, дэнэ щыщми сэлэтыр — я хъумакIуэу, иджы езыр къэзыхъумэн хуэныкъуэу Iуэхур зэрыщытыр. Абы тетуи, Ибрэхьим иIэтри, и унагъуэм ихьащ. Махуи 120-кIэ щыIащ ар Баликоев Келе и унагъуэм. Зауэ илъэсхэм дэтхэнэ унагъуэри ерыскъыкIи, сыт и лъэныкъуэкIи Iэслъэсу зэрыщытам хуэдэт Баликоевхи. Абы и гущIыIужу, Ибрэхьим и уIэгъэм е екIуэжауэ, и Iуэхур хьэлъэ дыдэт. Нэмыцэри къуажэм къынэсыпати, Келе и унагъуэм совет сэлэт зэрыщихъумэр къащIэмэ псори унэхъужат. Дауэ мыхъуами, осетин унагъуэр икIуэтакъым. Абы къыщымынэу, жылэм щыпсэухэми я нэхэр яуфIыцIащ, я бзэхэр ядащ. Уеблэмэ, осетинылIым адыгэлIым къыжриIащ фIэкIуэда и къуэ закъуэм и фэеплъу къуэ зэрищIар. Мы Iуэхум фигу къигъэкIкъэ беслъэнейдэсхэм Ленинград сабийхэр зэрахъумар?! СыткIи жумыIэнрэ: цIыхугъэм лъэпкъ зэхэдз ищIкъым, тхьэмыщкIагъэр къэралым къыщылъэIэсым псори зы анэм - Хэкум и бынщи, зэрылъху-зэрыпIу зэкъуоувэ.

ЛIымаху Ибрэхьим уIэгъэ хьэлъэ хъуа нэужь, мызэуэжыфу, комиссовать къащIри, и лъакъуэм биишэ къутахуэри зэрыхэлъу и хэкум къигъэзэжауэ щытащ. 1943 гъэм щегъэжьауэ, зы махуэ емытIысэхыу лэжьащ, мамыр гъащIэр зэфIэгъэувэжын фронтым псэемыблэжу Iутащ. И щхьэгъусэ Iэминатрэ езымрэ бын хъарзыний зэдапIати, дэтхэнэри анэ-адэм яхуэфэщэн цIыху хъуащ, адыгэ лъэпкъым и щIыхьыр я гуащIэкIэ, я дуней тетыкIэкIэ яIэтащ. Дунейм ехыжахэми я цIэ фIыкIэ щIылъэм къытранащ.

АдыгэлI хахуэм и лъыр зыщIэту къэтэджа щIэблэр дадэжьым хуэфэщэнщ. Апхуэдэщи, Ибрэхьим къыщIэхъуэжа щIэблэ зыбжанэм ящыщ Мусэ лIыгъэрэ гуеигъэрэ къигъэлъагъуэу СВО-р зэрыщIидзэрэ хэтщ, и лIыгъэм хуэфэщэн нагъыщэхэр и мащIэкъым. Хэт ищIэрэ ахърэт хабзэр, ауэ зыгуэр щыIэххэмэ, ЛIымаху Ибрэхьим и псэр арэзыуэ къыщIэкIынщ. АтIэ, Хэкум иIэщ зауэжьым зи гъащIэ щIэзыта и быным яхуэфэщэн щIэблэщIэ! Абы и щыхьэт наIуэщ СВО-м хэт ди зауэлI хахуэхэр. АтIэ, зауэ жыжьэм сыт хуэдэ лъэпкъым къыхэкIари зэришалIэри, нэмыцэм пэщIэтащ: украинри, урысри, адыгэри... Иджы сыт къэхъуар, сыт щIызэмызэгъыжыр украин нацистхэр, сыт я фэм имыхуэр? Хьэмэрэ, ящыгъупщэжа я адэжьхэр, дадэжьхэр, абыхэм ябгъурыту къадэзэуахэр?! Хьэмэрэ, езыхэм хэщIыныгъэ а зауэ дыджым къахуимыхьауэ ара? Тобэ, атIэ, зауэ илъэс жыжьэхэм щыIа цIыхугъэ лъагэр дэнэ кIуэжа иджы?! ЩIылъэри зэрыщIылъэщ, уафэри зэрыуафэщ. ЗэрыхъумкIэ, зызыхъуэжар цIыхум и акъылщ, и гупсысэщ. Дыгугъэнщ зи акъыл зыщхьэщыкIа зауэщIэкъухэм зыкъащIэжыну, ди ТекIуэныгъэшхуэм хуэфэщэн пщIэ дэнэкIи щигъуэтыну!

**ТУАРШЫ Ирэ**

Гъуэгу хъызмэт

# Лэжьыгъэм пащэ



2025 гъэм къриубыдэу хэгъуэгу, район мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъуэгу километр 39-рэ зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэм къызэщIрагъэубыдэнущ.

Апхуэдэу гъуэгу хъызмэтым зрагъэужьынущ, гъуэгу-транспорт инфраструктурэр егъэфIэкIуэнымкIэ проектхэр пхагъэкIынущ. Республикэ бюджетым къыхэкI ахъшэкIэ ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм я лъабжьэщ «Региональная и местная сеть» федеральнэ проектымрэ абы щыщ Iыхьэ «Инфраструктура жизни» лъэпкъ проектымрэ.

Зы илъэскъым республикэм и гъуэгухэм лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIыр. Абы къриубыдэу гъуэгущIэхэр яухуащ, зэрагъэзэхуэжащ, адэкIи пащэнущ. Бжыгъэхэмкlэ къэдгъэлъэгъуэнщи, «Майкоп-Карачаевск» автомобиль гъуэгум и километри 7 зэрагъэзэхуэжынущ.

Къапщтэмэ, иужьрей илъэсхэм мы гъуэгу Iыхьэм лэжьыгъэфI щекIуэкIащ икIи абыхэм я къэпщытэжыныгъэу, километр 40 щытыкIэ мардэхэм екIуу зэтрагъэпсыхьыжащ. АдэкIи пащэ «Усть-Жэгуэтэ-Тэрэзэ» гъуэгум елэжьыным. Мыбы щыщу километр 16-м зэгъэзэхуэжыныгъэхэр щызэлъэщIагъыхьащ. Мы гъэм километри 8,8-м елэжьынущ.

Республикэ бюджетым къыхэкIыу, 2025 гъэм къриубыдэу зэлэжьыну автомобиль гъуэгухэр:

«Адыл-Хьэлъкъ — ПсэукIэ-Дахэ» — километр 1,2-рэ;
Ударнэ жылагъуэм — километри 2;
Марыхъу жылагъуэм — километри 5;
«Карачаевск-Учкулан» — километри 10.

Къалэнхэм хэтщ «Малэ Зеленчук — Куэш-Хьэблэ» автомобиль гъуэгури зэгъэзэхуэжыныр. Али-Бэрдыкъуэ къуажэм хиубыдэ автомобиль гъуэгум гулъытэ хуащIынущ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, «Черкесск-Хьэбэз» автомобиль гъуэгум 2016 гъэм щегъэжьауэ щекIуэкI лэжьыгъэхэм пащэнущ.

Мы гъэм зэрагъэзэхуэжыну гъуэгухэм ящыщщ «Къардэныдж — Къызыл-Октябрь» автотрассэм и километри 3,9-рэ. Иужьрей гъуэгу IыхьитIми лэжьыгъэхэр щаухынущ мы гъэм икIэм нэгъунэ.

**ТУАРШЫ Ирэ**



«Малэ Зеленчук — Куэш-Хьэблэ» автомобиль гъуэгу

Псапащlэ пшыхьым къикlыу







**Хьэбэз къуажэм дэт щэнхабзэмкlэ Унэм щекlуэкlащ «Дэ дызэщlыгъущ» псапащlэ концертыр. Апхуэдэ lуэхугъуэкlэ районым щрагъэжьащ Хэкум и хъумакlуэм и Илъэсымрэ ТекlуэнығъэИным и Илъэс 80-мрэ.**

# «Дэ дызэщlыгъущ»

Псапащlэ мыхьэнэ зиlэ зэхыхьэм хэлъхьэныгъэ хуэщlыным хуэпабгъэу, абы къеблэгъащ районым и артистхэм я мызакъуэу, республикэм щыцlэрыlуэхэри. Апхуэдэщ КъЧР-м и цlыхубэ артист Кlэдэкlуей Артуррэ КъЧР-м щlыхь зиlэ и артисткэ Кlэдэкlуей Фатимэрэ, республикэм и цlыхубэ артист Мэремкъул Ачар, ди хэгъуэгум щlыхь зиlэ и артист Пхъэш Азэмэт, уэрэджыlэхэу Тхьэкlумашэхэ Русланрэ Расулрэ, lэгуей Руслан, Токъубай Къэхъун сымэ.

Къинэмыщlауэ, пшыхьыр ягъэдэхащ «Черкесия» уэрэджыlэ гупымрэ «Ашэмэз», «Синд», «lэдииху» къэфакlуэ гупхэмрэ. Пшыхьыр цlыхубэм фlыуэ ялъагъу уэрэдхэмкlэ гъэнщlауэ щытащ, гушыlэхэр куэду щыlуащ.

Район администрацэм щэнхабзэмкlэ и къудамэм и унафэщl, Къэрэшей-Черкесым щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ Даур Аннэ фlыщlэ яхуищlащ псапащlэ lуэхугъуэр къадэзыlыгъахэм.

— Ди мурадыр фlыщэу къыдэхъулlауэ солъытэ. Концертым хэта псори мы lуэхум яфlэфlу къызэрыхыхьам шэч хэлъкъым. Гуапэщ ди районым и артистхэм къыщымынэу, зызыхуэдгъэзауэ хъуар къызэрытхуеблэгъар. Цlыхури куэдащ. Пшыхьыр гуапэу зэрызэхэтам и щыхьэтщ залым щlэсахэр уэрэдхэм къадежьуурэ зэрыщытар. Уеблэмэ «иджыри тlэкlурэ дыщlэсамэ арат» жаlэурэ зэбгрыкlыжащ. Мы гъэм мыр япэу едгъэкlуэкlа пшыхьщ. Дяпэкlи ди мурадщ апхуэдэ псапащlэ пшыхьхэр зэхэтшэну, — къыддэгуэшащ районым и щэнхабзэмкlэ и къудамэм и гуащэ Даур Аннэ.

Пшыхьым ахъшэу къыхэкlар иратащ Хьэбэз районым щыlэ «Родные сердца» псапащlэ гупым и унафэщlым. Тамэ Сусанэ зи пашэ гупым куэд щlауэ зауэ операцэ хэхам хэт ди зауэлlхэм зыщlагъакъуэ. Концертым къыхэкlа мылъкури ди сэлэтхэм сэбэпышхуэ зэрахуэхъунур къыхагъэщащ.

— Мы lуэхугъуэ хьэлэмэтым и фlыгъэкlэ, артистхэми цlыхухэми лъэкlыныгъэ ягъуэтащ нобэ зэуапlэм lутхэм щlэгъэкъуэн яхуэхъуну. Фlыщlэ мыухыж яхудощl пшыхьым хэта артистхэм, — жиlащ псапащlэ зэгухьэныгъэм и пашэ бзылъхугъэм.

**Зыгъэхьэзырар**
**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэщ**





Фэеплъ

# Зэпеуэм фыкъыхыхьэ

СВО-м хэтхэмрэ зауэ операцэ хэхам и ветеранхэмрэ папщlэ къызэрагъэпэща кадрхэм я зэхьэзэхуэм лъэlу тхылъхэр щlэлъхьэнымкlэ лэжьыгъэр Къэрэшей-Черкесым шэщlауэ щокlуэкl. Лъэlу тхылъхэр 2025 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 6 -м нэгъунэ ящтэнущ.

Программэр зыхуэгъэзар къэрал къулыкъущlапlэхэм, хэгъуэгум щlыпlэ самоуправленэмкlэ и къулыкъухэм, Къэрэшей-Черкесым и предприятэ, lуэхущlапlэ пашэхэм щылэжьэну, lэщlагъэ lэпщlэлъапщlагъ зыбгъэдэлъ кадрхэр СВО-м хэтхэм, ветеранхэм къахэхыныр.

Лъэlу тхылъхэм хэплъа нэужь, хэхыныгъэкlэ ягъэбелджылахэм лъэкlыныгъэ ягъуэтынущ егъэджэныгъэ lуэхущlапlэм щlэныгъэ щызрагъэгъуэтыну, къызэраухамкlэ къэрал дэфтэрхэр къыхуагъэфэщэнущ, lуэху зэхэщlыкl лъагэ зыбгъэдэлъ лэжьакlуэхэр къащхьэщыту гуащlэдэкl лэжьыгъэм хыхьэнущ, стажировкэ ирагъэкlуэкlынущ.

Нэхъ зэхэгъэкlауэ мы хъыбарым фыщlэупщlэну, зэпеуэм фызэрыхэтыфынум зыщывгъэгъуэзэну фыхуеймэ, программэм и официальнэ сайтым **https://geroikchr.ru/** фихьэн хуейщ.

Программэм хэтыну хуейм зыхуигъазэ хъунущ КъЧР-м щlалэгъуалэ lуэхухэмкlэ и Министерствэм, мы телефонымкlэ: **8 (988) 719-72-21**.

**КъЧР-м и lэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Дунейпсо Олимпиадэ

# ЕджакIуэхэм папщIэ

Къэрэшей-Черкесым и еджакlуэхэр хэтыфынущ «Великая Победа» фlэщыгъэцlэр зиlэ Дунейпсо еджакlуэ Олимпиадэм.

Мазаем и 27-м щlидзащ ищхьэкlэ зи гугъу тщlа Дунейпсо еджакlуэ Олимпиадэр.

Трансляцэ зэlухам фыщеплъыфынущ:

**ВК: https://vkvideo.ru/video-81981034456240146**

**ОК: https://ok. ru/live/9126460792390**

**ТГ: https://t.me/may_9_ru**

«1941-1945 гъэхэм екlуэкlа Хэку зауэшхуэм теухуауэ уи щlэныгъэ къэбгъэлъэгъуэну лъэкlыныгъэр къэгъэсэбэп, мыхьэнэшхуэ зыхэлъ а фэеплъ lуэхугъуэхэр хъумэным хэлъхьэныгъэ хуэщl. Дэ тщыщ дэтхэнэри а lуэху иным щыщ lыхьэ хъуфынущ!

Зумыlэжьэу **pobeda. may 9.** ru. сайтым ихьэ, лэжьыгъэм хэбакъуэ, япэ lыхьэр гъэзащlэ. Олимпиадэр зэlухащ сыт хуэдэ къэралми щыщ дэтхэнэ цlыхум дежкlи. Аращи, мыхьэнэшхуэ иlэкъым уздэщыlэм, нэхъыщхьэр – гукъыдэж уиlэнращ, нэхъыбэ къэпщlэным ухущlэкъунращ! Къэгъэлъагъуэ уи щlэныгъэр, щlэ гуэр къэцlыху, Москва щекlуэкlыну, Текlуэныгъэм и Парадым хэт!» — щитхащ республикэм и лlыщхьэм ТГ каналым щиlэ напэкlуэцlым.

Щыгъуэ



Щэнейрэ Олимп чемпион хъуа **САЙТИЕВ Бувайсар** зэшэзэпlэу дунейм зэрехыжам ипкъ иту, Къэрэшей-Черкес Республикэм и lэтащхьэ Темрезов Рэшид яхуэщыгъуащ абы и унагъуэмрэ и lыхьлыхэмрэ.

«Игъуэнэмысу дунейм ехыжащ дунейпсо спортым и цlыху щэджащэ, Олимп Джэгухэм я щыгум щэнейрэ иува, бжанэрэ дуней псом, Европэм я чемпион хъуа Сайтиев Бувайсар Хьэмид и къуэр.

Ар къызэрымыкlуэу и къэралым хуэхэкупсэт, пщlэшхуэ зиlэт. Абы и гъащlэ гъуэгур, lуэху хьэлъэхэмкlэ зэхэщlыхьауэ, текlуэныгъэ къызэрымыкlуэхэмрэ гуащlэ инрэкlэ гъэнщlауэ щытар — къытщlэтаджэ щlэблэ-спортсменхэмкlэ узыфlэмыкlыжын щапхъэщ.

Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэм къабгъэдэкlыу сахуощыгъуэ дунейм ехыжам и унагъуэмрэ и lыхьлыхэмрэ. Сайтиев Бувайсар и цlэр игъащlэкlи дунейпсо спортым къыхэнэнущ, ар я гум ихунукъым а спортсмен лъэрыхьыр зыцlыхуу щытахэм...» — щитхащ ди хэгъуэгум и лlыщхьэм ТГ каналым щиlэ напэкlуэцlым.

# БОРЛАКОВ Хъызыр Борисбий и къуэр

*младший лейтенант полиции*

**Телефон 8-999-490-31-82**

Адрес участкового пункта полиции: Карачаево-Черкесская Республика, Ногайский район, п. Эркен-Шахар, ул. Мира д. 21.

**Часы приема граждан:**

Вторник с 17-00 до 19-00 часов

Четверг с 17-00 до 19-00 часов

Суббота с 15-00 до 16-00 часов



## Все адреса обслуживаемого участка:

**Карачаево-Черкесская Республика,**

**Ногайский район:**

а. Кубан-Халк; п. Эркен-Шахар - ул. Советов, ул. К. Мижевой, ул. Мира, ул. Х. Кумукова, ул. Железнодорожная, ул. Академика Б. Агай-гельдиева, ул. Горького, ул. Космонавтов, ул. Лесная, ул. Мичурина, ул. Молодежная, ул. Набережная, ул. Николаева, пер. Октябрьский, ул. Поповича, ул. Свободы, ул. Совхозная, ул. Счастливая, ул. Школьная, ул. Привокзальная, ул. Зеленая, пер. Кавказский, пер. Кубанский, пер. Речной, пер. Сахарный, пер. Электронный, ул. 8 Марта, ул. Автодорожная, ул Абазинская, ул. Интернациональная, ул. Майская, ул. Гагарина, ул. З. Керейтова, ул. Пушкинская, ул. Техническая, ул. Титова, ул. Ключевая, ул. Комсомольская, ул. Кочубея, ул. Ленина, ул. Лермонтова, ул. Некрасова, ул. Ногайская, пер. Почтовый, ул. Чапаева, ул. Черкесская, ул. Шоссейная, ул. Элеваторная, ул. Эсмухамбетова, ул. Ясная, ул. Ударная, ул. Степная, ул. Мельничная, пер. Тупиковый, пер. Светлый.

**КъЧР-м и МВД-м и пресс къулыкъу**

Туризм

**Ди щlыналъэм турист нэхъыбэ къишэным, туризмэмрэ дауэдапщэхэмрэ епха проектхэр гъэзэщlэным хуэгъэзауэ республикэм lуэху куэд щызэфlах. Иужьрей илъэситlыр къапщтэмэ, Къэрэшей-Черкесым и курортхэм ит хьэщlэщхэм къахэхъуащ пэш 300-м нэхърэ нэхъыбэ.**

# ХьэщIэщхэр тыншу, шынагъуэншэу...

КъЧР-м и lэтащхьэ Темрезов Рэшид къызэрыхигъэщамкlэ, нэхъ гулъытэ зэрыхуащlыным пылъщ хьэщlэщ инфраструктурэр иджырей зэманым екlуу зэращlыным.

«Нобэ нэрылъагъу мыхъукlэ къанэкъым щlэх яухуэ хьэщlэщхэм хуэдэ туристхэм нэхъ къызэращтэр. Абы зы гъэщlэгъуэни хэлъкъым, сыт щхьэкlэ жыпlэмэ, иджырей чылхэр (глэмпингыр) щlыуэпсым щыхащlыхь — ар тыншыгъуэ уизыгъахуэрэ шынагъуэншэу гъэпса лэгъунэщ», — щитхащ и телеграм-каналым Темрезов Рэшид.

Хэгъуэгум и лlыщхьэм гу зэрылъитамкlэ, мис апхуэдэ хьэщlэщ тыншхэр илъэситl хъуауэ зэращlым и фlыгъэкlэщ Зеленчук, Къэрэшей районхэм ит хьэщlэщхэм зыгъэпсэхупlэ пэш 314-рэ къыхэзыгъэхъуар.

А lуэхур ипэкlэ ягъэкlуэтащ «Туризмэмрэ хьэщlэгъафlэ индустриемрэ» лъэпкъ проектым игъэлажьэ «Турист инфраструктурэм зегъэужьын» федеральнэ проектымкlэ, федеральнэ, хэгъуэгу субсидиехэр, инвестор мылъкухэр къыхалъытэкlэрэ.

«Къыхэзгъэщыну сыхуейщ мы гъэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкlэ «Туризмэмрэ хьэщlэгъэфlагъэмрэ» лъэпкъ проектыщlэр къызэрежьари. Абы къикlыр араща, дэ адэкlи нэгузыужь гукъинэхэр къыщызэдгъэпэщынущ ди къэралым, Къэрэшей-Черкесри хэту, псоми нэхъ тынш, шынагъуэншэ икlи гъэщlэгъуэн зэрахуэхъунум хуэдэу.

Модуль хьэщlэщхэр щlынымкlэ инвестицэ проектхэр зыгъэзэщlэфынухэр УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкlэ и Министерствэм (https://t.me/minec_russia) къыхихыну триубыдащи, субсидиекlэ зыдэlэпыкъунухэр здызэпрагъэуэну lуэхугъуэм дэри дыхэтынущ.

Абы, шэчыншэу, ди Къэрэшей-Черкесым и щlыуэпс икlи щэнхабзэ хъугъуэфlыгъуэхэм турист нэхъыбэ нэlуасэ хуищlынущ», — жиlащ ди хэгъуэгум и унафэщlым.

**КъЧР-м и lэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

# Iуэху ящIэфын папщIэ

«Туризмэмрэ хьэщlэгъэфlагъэмрэ» лъэпкъ проектым ипкъ иту, ерыскъы индустриемкlэ, туризмэмрэ сервисымрэкlэ колледжым КъЧР-м туризмэмрэ курортхэмрэкlэ и Министерствэм дауэдапщэ щригъэкlуэкlащ экскурсоводхэм, гъуэгугъэлъагъуэхэм, гъуэгугъэлъагъуэ-тэрмэшхэм аттестацэ тхылъхэр щlэрыщlэу яlэрыгъыхьэжыным теухуауэ.

Ставрополь краймрэ Къэрэшей-Черкесымрэ я экскурсовод гуп зыбжанэм а махуэм къыдахащ ди хэгъуэгум lуэху щащlэну хуит къэзыщl аттестат тхылъыр. Абы къыдэкlуэу, Министерствэм и лэжьакlуэхэм щlалэгъуалэр щагъэгъуэзащ нобэ республикэм и туризмэм зиужьынымкlэ хэкlыпlэу щыlэм, икlи къыхагъэщащ а лъэныкъуэр езыгъэфlэкlуэфыну lэщlагъэлlхэр гъэхьэзырыным мыхьэнэшхуэ зэриlэр. Къинэмыщlауэ, колледжым щеджэхэм лъэкlыныгъэ яlащ зэхэщlыкl лъагэ зиlэ гъуэгугъэлъагъуэхэм яlущlэну, ахэр туризмэм и иджырей кlуэрабгъухэм къытрагъэпсэлъыхьыну.

Фигу къэдгъэкlыжынщи, Къэрэшей-Черкесым и lэтащхьэ Темрезов Рэшид 2023 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм хэгъуэгум щыпсэухэм защыхуигъэзам къыхигъэщауэ щытащ экскурсоводхэр, хьэщlэщхэмрэ хьэщlэгъафlэ индустриемрэ епхауэ лажьэхэр ирагъэджэжыф зэпыту гъэпсын зэрыхуейр. А илъэс дыдэм, бадзэуэгъуэм и 1-м ягъэуващ нэгузыужь lуэхум хуэлажьэхэм аттестат тхылъ яlэпхъэу, ар илъэситху къэс яхъуэжыпхъэу.

# ЗыгъэпсэхупщIэр мылъапIэу



Архъыз, Домбай курортхэм, Тебэрды лъэпкъ паркым зыщыгъэпсэхуным уасэу техуэм хукlэрагъэхунущ зи ныбжь хэкlуэтахэм, пенсэм щысхэм.

Нэхъ зэхэгъэкlауэ жыпlэмэ, Домбай курортым деж илъэс 65-м щlигъуа туристым скипассхэмрэ бгым зэрыдэкlынумрэ процент 15-кlэ нэхъ пуду ахъшэ щlитынущ, илъэс 75-м нэхърэ нэхъыбэ хъуам — зыри lахынукъым. Архъыз курортым и апхуэдэ хуэгъэкlуэтэныгъэхэр процент 40-м нос.

Илъэс 65-рэ ирикъуа цlыхухъухэм, илъэс 60 хъуа бзылъхугъэхэм папщlэ Тебэрды лъэпкъ паркым дыхьэпщlэ ирагъэтынукъым, гукъыдэж зиlэм зыщиплъыхьынкlэ хуитщ.

Къыхэдгъэщынщи, мыпхуэдэ хуэгъэкlуэтэныгъэхэр зыlэрызыгъыхьэну хуейм игъэлъэгъуапхъэщ ар ныбжькlэ къызэрылъысыпхъэм щыхьэт техъуэ дэфтэр.

**Зыгъэхьэзырар**
**ЛЫХЬ Тимурщ**

Контракт къулыкъу




@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщlапlэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, Кировкlэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Ирэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщlэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащlэ технологиехэм, цlыхубэ коммуникацэхэм кlэлъыплъынымкlэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыlэм щыщlатхащ. Зэрыщlатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кlэ къыщlедзэ.

Фщlэн папщlэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыlэта lуэхугъуэхэм, цlэ-унагъуэцlэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я lуэху еплъыкlэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыlэрыхьэр къанэ щымыlэу тридзэну, lэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищlыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. Къыдэкl бжыгъэр 2849 -щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккlэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къизытхыкlхэм яlэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщlэныгъэмкlэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкlыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ЛЫХЬ Тимур,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
оператор ЕМЗЭГЪ Даринэ